

PREPARE w pou **SECHRÈS**

Sechrès se yon peryòd kote lapli fè anpil tan li pa tonbe anpil, ki kapab gen yon enpak sou rezèv dlo moun ap bwè, itilizasyon nan kay, pou konbat dife, ak agrikilti.



Èske w te konnen...

387

Semèn nan Providence fè te gen sechrès ladann depi 2000.

Gade Nivo Sechrès nan Rhode Island!

sou drought.gov/states/rhode-island

- Nivo sechrès aktyèl
- kondisyon metewolojik tankou lapli ak tanperati
- Konsèy, zouti, ak resous
- Sechrès istorik nan Rhode Island
- Mizajou Imèl

Kategori sechrès ak eta sechrès

	D0: Anòmalman sèk
	D1: Msechrès modere
	D2: Sechrès grav
	D3: Sechrès ekstrèm
	D4: Sechrès eksepsyonèl

Konsève dlo chak jou

Adopte mezi pou konsève dlo anndan ak deyò epi ki ede presève resous dlo ak redui chans pou gen mank dlo. Moun ki ap itilize dlo vil la ak pwopriyetè pui prive yo dwe patisipe nan efò pou konsève dlo yo.



AVAN YON SECHRÈS



Konsève dlo anndan

- Ranje ti gout dlo k ap koule nan tiyo.
- Diminye itilizasyon bwayè nan evye yo.
- Chwazi aparèy kay ki pèmèt ou ekonomize dlo.
- Enstale ayeratè ak limitè debi nan tiyo yo.
- Enstale yon aparèy chofaj dlo enstantane nan evye ou a
- Enstale yon tèt douch ki pa koule anpil dlo
- Enstale yon twalèt ki pa itilize anpil dlo.



Amenajman eksteryè entelijan

- Chwazi plant natif ki ka resiste ak sechrès pou mete nan lakou w.
- Gwoupe plant yo ansanm selon kantite dlo yo bezwen.
- Pa mete twòp angrè. Angrè ogmante kantite dlo plant yo bezwen.
- Itilize pay toutotou pyebwa ak plant yo pou kenbe yo imid.
- Koupe zèb yo mwen souvan.



PANDAN YON SECHRÈS

Diminye kantite dlo w ap itilize a anpil.



Pa kite tiyo a ap koule pandan w ap tann dlo a vin frèt oswa cho.



Pa kite dlo a koule pandan w ap bwose dan w, lave vizaj ou, elatriye.



Pran beny ki pi kout.



Pa vide dlo nan twou egou yo. Sèvi avèk yo pou wouze plant yo.



Evite itilize tiyo ak aparèy awozaj yo.



Tann lè aparèy pou lave veso ak aparèy pou lave rad yo plen anvan w demare yo.

PVD311
aplikasyon mobil
Sèvis Vil la

CodeRED
aplikasyon
mobil

Northeast DEWS
Lis Imèl

Rele/text 9-8-8
Sipò Emosyonèl

